


Serial Bayu, ka 2,

S. BUNTUNG dan TUTUGAN:

diakui **SANTANG**



S. SUBANDAR

OKKY'S STD
115



SILAT

RUS

SERIAL BAGIAN KA 2
S: BUNTUNG *dius* TUTUGAN:
diaka SANTANG

Djilid Ka 15



Karangan .

S. Sukandar.



TJARINGIN



BANDUNG — 1970

HAK TIJPTA DITANGTAJUNGAN KU UNDANG

BUKU² ANU TOS MEDAL :

1. Seri Si Buntung Djago Tutugan ka 40 tamar
2. Seri Waliwis Bodas djilid 35 hantjaeun
3. Seri Siti Muljati djilid ka 14 tamar.
4. Seri Djaka Santang djilid ka 15 hantjaeun

Sadajana karangan S. Sukandar.

Tiasa ngagaleuh ka Toko² Buku pangtjaketna



RS

Bagian - ka 43

-KURANG -KURANGNA rantjingas mah hanteu Medi teh matak ngarandapan bangkar enja², djadi korban bedog²na si Sarkam katut si Bontet nu tinghariuk deuk ngatjak² badanna, bari hatena mah geus tangtu duanana oge pada udjub jen lawanna teh moal aja hodjahna deui, terus ditjatjag teu beda ti daging piperekeleleun.

-Hal ieu teh ku Medi oge geus tjukup kaudji, moal teu kieu balukarna, nu matak barang gebut oge manehna labuh, rikat manehna nundjelkeun bedogna kana taneuh sarta langsung ngagendjotkeun badanna ka tukang, belesat... tje nintjak taneuh kuda²na mejekeh teu beda ti kunjuk rawun, bareng djeung eta.....
„Djres²!” bedog² si Sarkam djeung si Bontet ngan ukur bisa ngahantja taneuh, geus kitu djorelat Medi njampeuk ka hareupeun si Sarkam sarta si Bontet nu kajaan badanna keur semu dongko kabawa ku gerakan bedog²na nu keur nantjeb kana taneuh, kolebat...
Medi njamberkeun bedogna, nu pikeun Djaka Santang

mah nu harita keur nitenan gerak gerikna Medi, puguh we lain deui ngarandjugna, lantaran geus bisa dipastikeun jen sirah²na si Sarkam sarta si Bontet teh piraku teu tinggelentjeng lalotjotan tina beuheung²na.

-Sapok poken Djaka Santang deuk njorowok pikeun ngahulag maksudna Medi, ngadadak kaburu kadenge hidji sora - - - - „Trangngng!!!” ngabarengan ratjlengna bedog² si Sarkam katut si Bontet, manahoreng nu dihantja ku Medi teh lain beuheung lawan²na tapi bedog²na nu harita masih keneh nantjeb kana ta²neuh, ku kituna Djaka Santang djadi kontan ngagelenju ngarasa panudju ku polah nu djadi pamanna nu bener² teu boga maksud deuk nandasa lawan²na.

MEM „Hihihih - - harudang sia - - begu!” Medi njorowok bari ngahihih, lantaran harita teh si Sarkam djeung si Bontet terus njalungkruk, bes bedogna di-asupkeun kana sarangkana.

BONTET „Setan belang sia!” si Bontet nu pangheulana ngoredjat, langsung ngarontok suku, tapi Medi leuwih awas, ngagentak manehna njingtjet tapi bari djeun gnjamberkeun dampal sukuna kana kekemplong, ari djekuk ari goak bae si Bontet teu beda ti budak manggih kasieun, blak bae nangkarak bengakang.

MEM „Hihihih - - naha atuh mana sologoto teuing... - - batur?” Medi ngahihih deui njeungseurikeun.

SARKAM. Kurang adjar sia....setan!" si Sarkam nu harita geus njelegedeg nangtung, teu antaparrah deui sebrut bae manehna ngadiuskeun peureupna.

MEDI „Hihihih...awas sia ditjomot deui ku aing!"

Medi bari rikat ngedjat dina gaja monjet njingkahan paneunggeul, puguh we tumerapna ka si Sarkam ngadadak njeblak lantaran kapan kungsi ngalaman djadi korban gerakan tjomot dage, ku kituna manehna ngadadak ngaheunggeu bari narik deui panondjokna. kasempetan hade pikeun Medi, rikat manehna ngagilek malik sarta langsung ngasupkeun djurus paksi muh, „Djrot! Djrot!" tulang pipi djeung palipisan si Sarkam sakali gus kabeunangan „Uuuuuuh...!!!" si Sarkam kontan ngagerung bari langsung badanna ngagedebut dambru.

MEDI „Hihihih... meunang hadiah naon... Mang?"

Medi terus terusan ngahihih, gilek manehna malik ngatuhu lantaran kabireungteh si Bontet geus njelegedeg deui malah terus njebrutkeun peureupna deuk ngadagor hulu, Medi ngagentak ngawangun pasangan tapak djalak, orokaja si Bontet tjingeus oge kana pi-bahjaeun, manehna rikat narik deui leungeunna. djorelat ka kentjaeun Medi bari terus njamberkeun deui peureupna deuk ngadagor tulang pipi, Medi ngagilek ngentja ngabarengan ditarikna suku kentja ka tukang ngagunakeun djalan luar „Des!" ajeuna mah panimpug si Bontet teu bisa disalametkeun deui dihakan

ku gerakan tapak 'dialak, djedak -- dampak leungeun kentja Medi saterusna ngagampang kana tulang pipi ngagunakeun teunggeulan kepang, bareng djeung eta peureup katuhuna ngadius di handap „Duk!” ngahantja hulu angen „Uuuuuh...!!!” si Bontet ngagerung bari kontan badanna ngagedebut, ngadjungkel bari utab uger babalangkengan, sakur kahakanan nu geus diasupkeun teh lapur ngaburusut deui balukarna ditog hulu angen.

Medi „Beu... beu... bet teu lebar lebareun silaing mah... euj? Hihihih...” Medi ngahihih njeungseurikeun bari ngabalieurkeun beungeutna, ngarasa sebel mireungeuh nu ngabajabah dina taneuh.

Sarkam „Lebok ku sia ari lebar mah... djurig atah!” si Sarkam nu harita geus hudang deui, njarekan ka Medi bari sebrut njamberkeun peureupna, tapi Medi teu tjileureun, ngagentak manéhna djingkrak ngagunakeun gerakan kadal kagebah, peletrak... pigeulang si Sarkam dihantja ku gerakan teke monjet, nu tumerapna ka Sarkam sanadjan teu matak bohak, tapi karasana mah jain deui njanjautanana, ku kituna ngagentak si Sarkam ngedjetkeun leungeunna bari kekerepeangan sarta karasana deui njeleket kana kelek teu beda ti nu dipatil lele, sarta saharitaeun mah ngadadak leungeunna djadi komper sarta hese digerakeun.

Sarkam „Bangkawarah sia... burung, ngadon neke sia ka aing... han?” si Sarkam napsuna djadi beuki tam-

bah ngagugudug boga rasa diheureujan sarta diulinkeun
direken budak satepak atawa budak rodek hulu pisan.

Medi „Hihihih... montong kalah ka napsan — — Sar-
kam? Rarasakeun anggur mah ku silaing, atuh bisa
ngarasa kurang keneh, tangtu ku dewek bakal ditam-
bahan deuil Hihihih...” Medi kalah ka ngahihih
bener² peta lakuna matak nambah² ngaheabua lawan.

AKAM „Adub...njatjapek teh padu engab — — sia setan?
Disurilam sia ku aing...puhl” si Sarkam bari njiduh
ku bakating ku ngarasa katjida tjeutjeubna, sebel ku
pokpokanana sarta gemes ku pamolahna.

Medi „Eeeceet — — ahl” Medi bari ngagentak luntjat pi-
keun njalometkeun beungeutna. „Oheeecek...puhl”
Medi males njiduhan, na atuh ari plok teh ngadon
nangkod kana tungtung kumisna si Sarkam nu beulah
katuhu, puguh we kumis nu sakitu tjentangna teh ari
dipuntangan ku onggol² mah ngadadak djadi ngula-
hek ka handap beurateun ku momot, nu antukna ku-
mis si Sarkam teh djadi dengdek sabeulah siga nu
moreat.

AKAM „Alaasaah...kurang adjar sia...babijiii...!!!”
si Sarkam teu sirikna kotjeak dengkek bari ngagentak
njomot nu nangkod dina kumisna, belewer bae ku
manehna ditenggorkeun ka nu ngirimna, tapi kulanta-
ran tjepel, onggol² teh kalah ngepret ka gigir sarta
ari plok teh...ngadon nangkod kana biwir luhurna
si Bontet nu harita geus eureun utah utahanana, baj
— — — mandjangan ka handap nagebaj ngaliwatan

biwir handapna, atuh teu antapirah ngan golokgok
deui bae si Bontet utah deui, leuwih² ajuna mah
lantaran ngarasa sebel anu pohara, eukeur mah geu-
leuh katurug turug karasa deui make semu² asin sar
gala.

med „Hibihh... — dosa eta Sarkam.... — kitu peta euj
silaing ka babaturan? Hibihh... — Medi terus terusan
njeungseurikeun.

AKARU „Setan siaht! si Sarkam bari njeureudeug man-
tjokeun peureupna, atuh Medi ngagentak ngaragrag.
badanna ngagunakeun pasangan depok, nu tumerapna
ka si Sarkam lain deui ngarandjugna lantaran ngada-
dak inget kana gerakan tjomot dage nu memang ka-
tjida dipikasieunna, ku kituna ngagentak manehna
mundur, orokaja Medi ngagentak ngadjoelat bari
njamberkeun dampal suku katuhura, ari djekuk ten-
keuna pisan kana kandjut kundangna „Tobaaaaat....
— !!! si Sarkam ngotjeak leuwih² ti dihantja ku ge-
gerakan tjomot dage, sarta teu ngalobakeun deui pamo-
jah, blak bae manehna nangkarak bengakang, matana
tuburial buntjebk sarta sungutna ngabudat.

— Sidik nu harita keur dihurup ku si Odeng djeung
si Belo, sanadjan bener tingkat pangabisana lawan
lawanna teh beunang disebutkeun djauh aja di sahan-
dapeunana, tapi lantaran dina dekra ngajakeun pan-
radjangna teh estuning bari dilareugan ku hate
nekal antjur antjuran, nja rada riweuh oge
njanghareupanana teh, teu beda ti ngalawanan
nu edan, bedog bedogna terus kokolebatan

matak paur, dina subat sabena teh geus teu matak
idjiran sarta itungan deui, mangka² ari tudjuan Sidik
mah teu boga maksud deuk ngojorkeun getih mah
estuning dipahing pisan.

- Atuh ku kituna manehna ngan ukur lulutjatan
njingkahan seuseukeut bedog, sedengkeun bedog ma-
nehanana ari teu perlu² teuing mah tara digunakeun,
dilagar soteh ieu mah pikeun ngadjaga diri samara
mata, bisi gerakan bedog lawan²na teu bisa
disingkahan.

- Waktu bedog si Odeng ngolebat di luhur, Sidik
ngagentak ngareundeuk dina gerakan monjet ngemil
sedengkeun bedogna rikat dihdangkeun ka luhur,
„Trang!” bedog si Odeng ngaheunggeu, bareng djeung
eta djorelay... lenceun kenja Sidik meta ngagunakeun
gerakan monjet naruk hanggasa, bret... daun tjeuli si
Odeng nu beulah kentja didjambret, „Tobaaaat...!!”
si Odeng ngotieak bari ngagentak ngadjaut ka tukang,
hate mah lain deui ngalenjapna lantaran disangkana
mah daun tjeulina teh dirumpungan, eukeur mah nu
beulah katuhu memang geus rumpung waktu tibeula
tea padungdung djeung Djaka Santang.

- Sabot kitu hiuk...tukangeun Sidik aja nu njam-
ber, Sidik rikat malik, breb...seuseukeut bedog si
Belo geus njampeuk, borengkal Sidik ka gigir bari
ngababukeun bedogna, „Trang!” bedog si Belo diga-
gakeun, kolebat...bedog Sidik ngahiuk di luhur

djigana mah deuk ngahantja sirah, „Tuluuuung...!!!”
tjan naon² si Belo geus ngotjeak bari rikat ngadjereg-
djeg mundur, orokaja Sidik ngagentak njusul tepus ku
djalan ngangsirodkeun suku kentja katuhuna patutur
kolebat. . . bedogna njerepet ka beulah katuhu, „Trang!”
ngababuk bedog si Belo nepi ka lesot tina panjekelna,
bareng djeung eta hiuk....”Djrot!” peureup kentja
Sidik ngahantja tjarcham, „Uuuuh...!!!” si Belo nga-
gerung bari sirahna ngadangheuk, djebrodo.... ditimpah
ku djedjeukan dampal suku ngahantja beuteungna,
„Heece...!!!” si Belo ngabeudjeun semu³ eungap, blak
bae manehna nangkarak benggang.

- Si Odeng nu tadi ngidjat, barang dirampa jen daun
tjeuli kentjana masih keneh tetep napel, teu ngaloba-
keun deui tjatur hiuk deui bedogna diheumbaheun
njerepet deuk nigas beuheung, Sidik ngagentak narik
suku katuhuna ka tukang ngagunakeun djalan luar
ngabarengan gerakan bedogna nu dikulawitkeun ka
handap sarta saterusna disabetkeun ka luhur, „Trang!”
bedog si Odeng nepi ka mumbul ka luhur lesot tina
panjekelna, „Aduh!” si Odeng ngagero bari ngagentak
luntjat ka tukang sedengkeun leungeunna kekerepengan
lantaran karasana nerepet panas, geus kitu mah sep
Sidik ngasupkeun bedog kana sarangkana, djorelat ma-
nehna luntjat njusul tepus, orokaja si Belo nu keur
waktu tadi ngabebenggang, rikat ngagurindjal bari

langsung ngarontok kana suku, tapi Sidik kaburu keneh ngadjorelat, ka luhur pikeun njalmetkeun sukuna, sabot kitu peureup si Odeng njuruntul deuk ngahantja kekemplong. Sidik rikat ngagerakeun leungeun kentjana dipake nakis sedengkeun leungeun katuhuna sakilat ngarondjang newak peupeuteujan si Odeng nu beulah kentja djuralit manehna balik bandung kalawan manis 'naker, tje nintjak taneuh djadi aja di satukangeun si Odeng, gilek Sidik malik salapan puluh daradjat ngabarengan ngadiusna peureud katuhu, „Duk!” teu salah deui ngahantja pundukna si Odeng. „Aduh” si Odeng ngagero njeri djeung reuwas teu beda ti nu dibentar gelap. solontod badanna nolondjong ka bareup, njampeuk si Belo nu keur nguniang hudang deuk nangtung. djeger . . . patubruk, brah . . . duanana rebah patumpang tndih si Belo nu leuwih rihuh lantaran huluna ngabeletuk kana batu, kontan harita keneh oge ngadjendol teu beda ti endog hujam.

„Heheheh . . . sing neleh atuh Odeng? Naha batur sorangan bet kalah ka ditubruk? Heheheh . . .” Sidik njeungséurikeun.

„Setan siah! Diwedjek sia ku aing!” si Odeng bari ngagentak ngagurindjal hudang, kodjengkang manehna ka gigir sarta paparahna mah deuk terus naradjang. orokaja saeutik oge teu atiten jen suku katuhuna ng o d j o t l a n a s a r u n g n a si Belo nu udar

ambaj ambajan tina beulitan tjangkengna, atuh teu ampun deui ngan gebut bae si Odeng tisuusut, kontan tarangna bantjunur meunang hadiah endog soang, sare-ret mah tarangna djadi siga nu nongnong.

SIDIK „Heheheh... nanaonan atuh sitaing teh... Odeng?”
peta lakuna Sidik estuning mapanas naker.

ODENG „Andjing sia!” si Odeng ngagurindjal hudang deui, mendelik sakeudeung ka si Belo, tjelegedeg manéhna nangtung bari ngusap² tarangna, lumajan karasana mani njanjautan.

SIDIK „Heheheh...” Sidik kalah ka ngahéhéh deui bari ngawaskeun.

ODENG „Tangkurak sia... njeungseurikeun... hah ka aing?” si Odeng bari njeureudeug, peta lakuna memang bener² geus kalap.

SIDIK „Et... heheheh...” Sidik rikat ngedjat ka gigir bari ngahelangkeun dampal sukuna ngagunakeun gerakan tedjeb kuda beger deuk ngahantja kekemplong, puguh we tumerapna ka si Odeng mani baripeut naker mireun-geuh dampal suku njanjong teh, teu talangke deui kerewek bae ditewak sarta maksudna lawanna teh deuk terus diasah, tapi samemeh manéhna bisa ngalaksana-keun karepna, Sidik geus ngagurimpal mantén pangku-ban sarta dua leungeunna nuondjel kana taneuh, bareng djeung eta dampal suku nu sabeulah deui sakilat dikedjetkeun ka tukang, teu salah deui ari djekuk teh ngahantja kana hulu^a angen, nu p'keun si Odeng mah

kapaksa kudu ngalososkeun tjekelanaana bari ngagero nahan kanjeri, sedengkeun Sidik ngagentak nangtung sarta matik sagemblengna ka si Odeng.

„Heheheh...ulah sologoto atuh...barajal!”

„Setan monjong siahl!” si Odeng geus teu ngurus dikanjeri, sebrut bae manehna ngumbar peureupna, tondjokan sologoto ngan sakadar kadjurung ku napsu nu ngagugudug. ku kituna Sidik ngan ukur ngagilirkeun badanna saeutik ka beulah katuhu, semu njerong, tareng djeung eta hiuk...peletrak pigeulang si Odeng diha- kan ku gerakan teke monjet, kaprot....daradad.... pipi si Odeng nu beulah katuhu ditjabok ku leungeun kentja nu diteruskeun ku gerakan tjakar monjet, „Tobaaaat!!! si Odeng ngotjeak bari maksudna mah deuk terus ngedjat, orokaja gerakan suku katuhu Sidik geus njampeuk manten ngagunakeun tadjong sapudjagar, djekuk...ngahantja buah bitis si Odeng nu beulah katuhu, „Amphuuun...!!!” si Odeng ngotjeak deui ngabarengan badanna ngadjungkel sarta terus bae ngaringkuk teu bisa hudang deui bari gegerungan, Pipi karasana panas sarta peurih, atuh suku katuhuna ngadadak merengkel sarta karasana ojanjautan.

- Si Belo nu keur waktu tadi teh geus ngunjang sarta angkeuhanana mah deuk terus milu ngerepuk deui, tapi barang mireungeuh si Odeng nambro bari gege- rangan, manehna oge rempejek deui milu nambro, heg humarurung bari ngusap² angedna djeung sirahna nu

ngadiendol tapak tadi ngabejeruk kana batu.

Sidik „Hajoh Belo! Deuk ngajakeun deui hodjah silaing?”

Sidik bari merong, ngeh manehna seuri lantaran mireu-
ngeuh si Belo kalah ka pupuringisan.

Belo, „Hubuhuh...” si Belo nembalanana bari humaru-
rung, bari bate mah lam deui lelenjapanana sok sieun
Sidik terus naradjang ka maebanana, tapi da puguh
Sidik oge boga pikiran, geus kasurti mana si Belo kitu
pepetaanana teh bakating ku ngarasa sieun, nu matak
terus we diantep

- Sedengkeun si Randu nu keur patutunggalan ojeung
Banda, hebat oge beunang disebutkeun satanding, me-
mang mun dititinan tingkat pangabisana, si Randu teh
aja disahandapeun Banda, tapi manehna aja ondjojna
dina soal pangalaman, atuh dina ngebrehkeun gerak
tipuda teu kurang² matak ngabahajakeunana, barang
mimiti prung mah Banda teh make aja tilu kalna beu-
nang dipatjikeuh ku si Randu, ngan ka beh dieunakeun
Banda leuwih ati² bubuhan geus aja pangalamanana
saeutik eutikeun, nu tumerapna ka si Randu lila² mah
manehna ngarasa eungap oge.

- Waktu si Randu luntjat ka tukang njingkehan be-
dog lawan nu ngahiuk deuk njaber strahna, Banda teu
terus ngudag, malah manehna kalah ka malangkeun
bedogna hareupeun dada bari renghap² ngareureuhkeun
beula katjape, nu pikeun si Randu mah kawas² nu

dibere omber pikeun njusun deui panaradjangna, ku
kiuna teu ngalobakeun deui mikir, seak bae si Randu
naradjang ngabeumbatkeun bedogna, atuh Banda da
memangna geus sadia, tjitjing^a soteh ari kawaspadaan.
nana mah teu kurang², sakilat manehna ngagerakeun
bedogna dipake ngababuk bedog si Randu disungkal
ka luhur sedengkeun leungeun kentjana dipake ngetig
siku si Randu nu keur njekel bedog, geus kitu djorelat
Banda ka gigir bari njabetkeun bedogna kana iga burung
tapi si Randu tjingeusna lain lumajan, manehna rikat
ngababukeun bedogna ka gigr, „Trang!” dua bedog
diadu, salamet iga buruogna teu dihakan bedog, oroka-
ja peureup kentja Banda sama sakali ku si Randu teu
katitien ngagedjrot kana tjarehamna, „Uuuuh...!!!” si
Randu ngagerung bari ngadangheuak, sabot kitu djore-
lat dampal suku Banda meta di handap dipake njapu
babadjeg si Randu nu beulah kentja, teu ngalobakeun
deui pamolah, koleab bae badan si Randu ngageblag
ka tukang, masih keneh untung sakitu ge Banda teh teu
ngagunakeun bedogna, gebut si Randu ragragna nangka-
rak sarta bedogna metjleng lesot tina panjekelna.
~~Geus~~, Gigibrig... Randu! Montong gogoleran deuleu
...da lain bo'on sia teh!” Banda nJOROWOK bari nga-
supkeun bedog kana sarangkana, ngarasa teu kolu lamun
tetep ngagunakeun pakarang sedengkeun nu djadi lawan-
na geus lemor.

leuwu, Alah... montong loba batjot setan! Djauh tanah
ka langit deuleu... aing kudu medok ku pantar sial!
si Randu bari rikat ngoredjat hudang. sarta teu anta-
parah deui ngan sebrut bae ngasupkeun djurusna,
orokaja kapaksa poos lantaran Banda ngagentak luntjat
ka gigir, brek manehna ngawangun pasangan djogo
andjing, heat... teunggeulan dampal leungeunna dina
gerakan bu an sabit, djedak... teu salah deui ngahantja
babadjegna si Randu, „Djadah siahl!” si Randu ngago-
rowok bari ngadjerete, tapi ari gerakanana mah masih
keneh garang, djorelat manehna ka g'gir sarta langsung
nadjongkeun ca npal suku kentjana deuk nobroskeun
kekemplong, ngan bae kapaksa gagal malah mamalana
mah nja mane na keneh nu kudu ngarandapan,
lantaran sakilat naker Banda malikeun badanna ka lebah
si Randu bari dibarengan ku teunggeulan leungeun ka-
tuhuna, „Aduhl!” si Randu ngagero bari badanna nga-
rampeot, sabot kitu Banda ngadjaul ka luhur sarta
langsung mantjokeun tuur katuhuna dipake ngabeset
nulu angen, „Duk!” He...!” si Randu ngaheudjeun,
hjak... „Djrot!” disusul ku gempuran peureup katuhu
ngahantja palipisan, habek deui ditimpah pubu tjeulina
ku teunggeulan leungeun kentja bari dituturkeun ku
sodokan peureup katuhu minto bulu^o angen, ditoron
kitu mah si Randu teh geus teu bisa neon² deui, leungit
bud) ilang daja nu aotukna ngagebut bari teu walakaja

deui, terus manehna gegerakan bari ajug songkol teu beda ti sakaratna munding dipeuntjit.

- Ari si Karun nu sanggeusna hudang deui, waktu tadi tea manehna ngagebut lantaran dibantja hulu angenna ku Djaka Santang, ari hodjahna mah tetep aja keneh, dina ngalawanana teh teu kurang² tjingeusna. estuning sagala elmu paemu sarta pangabisana teu sirikna diketrukeun kabeh, tapi da puguh tingkat pangabisana djauh aja di sabandapeun Djaka Santang, nu antukna mah manehna ngan ukur bisa nakisan wungkul bari terus undur unduran, malah tungtungna pisan mah belenjeng bae manehna lumpat purat perot ninggalkeun anak buahna, lantaran pamikiran leuwih hade djiitir djeung tinimbang kudu ngarandapan bahaja mah.

- Atuh nu djadi anak buahna, barang miceungeuh djadugna ngabetjir teh maranehanana geus teu kudu mikir dua kali, biribit bae nalaturkeun tingalabret teu beda ti kuda mabur ti gedogan, ngan si Randu nu teu udjug² bisa lumpat teh lantaran kaburu ditjerek manten ku Djaka Santang, nja eta deuk ditanja heula kateranganana tina hal kaajaanana Lasmanah.

- Teu hese derekdek bae ku si Randu ditjaritakeun jen Lasmanah teh tetep ngahidji djeung Pa Djaja, tempatna hentu dibedeng, tapi disingkurkeun di hidji tempat mentjil kiduleun bedeng pagawe, nja kitu deui Pa Wahidi oge di dinja ajana, ngan misah imah,

hal ieu teh mamang ngahadja kahajangna Mandor Kadri lantaran aja maksudna nu teu hade ka Mandor Besar Nata.

-Ditanja sabaraha urang kakuatanana Mandor Kadri pok deui ku si Randu dibedjakeun, sadjabana ti Pa Djaja, Pa Wahidi katut si Anta aja deui sababaraha urang hanna nja eta murid^{na} Pa Wahidi, malah aja saehuna nja eta Bah Urto guruna Pa Wahidi nja guruna Pa Djaja, nu ajeuna teh terus deui diguru ku Mandor Kadri.

JS „Ari Mandor Besar Nata sabaraha urang kakuatanana? Djaka Santang terus tetelepek.

RANDU „Duka atuh kirang terang, mung tangtos manehna teh henteu saurang numawi Mandor Kadri henteu gana² ngajakeun tindakan oge.”

JS „Hemb....kitu nja? Eu....ari Kang Karun naon sababna ku matak ninggalkeun Sumadra? Naha pangna lunta teh aja deui maksudna nu sedjer? Upamana bae diparentah ku Mandor Kadri atawa ku Pa Djaja? Atawa kumaha?”

RANDU „Eu....sajaktosna mah....Djang Karun teh bendeng sareng si Anta....”

JS „Kutan? Tina perkara naon?”

RANDU „Tina perkawis eta....eu....tina perkawis Nji Lasmanah....”

JS „Naha kumaha kitu? Diparebutkeun?” Djaka Santang ajeuna mah nanjana bari djeung degdegan sagala.

RANDU „Sumohon...kawitna teh... Djang Karun nga-
ganggu Nji Lasmanah, mung kabudjeng torcdjol si
Anta nu oge mikahajang ka Nji Lasmanah, atuh de^r
bae galungan....”

JS „Euh... kitu karah? Kumaha tjenah saterusna?”

RANDU „Terasna kumaha?” si Randu malik nanja,

JS „Eu... eta si Anta...”

RANDU „Duka atuh, margi sajaktosna Akang oge mung
wartos...”

JS „Eta sugan, ...naha si Anta teh taja karepna ka
Nji Lasmanah? Pedah eta we....manehna ge us
nolongan.....”

RANDU „Nja tangtos, margi pangna mokprok sareng Djang
Karun oge...”

JS „Enja²....eu... ari ajeuna Kang Randu teh deuk
kumaha?”

RANDU „Bade wangsul we....”

JS „Deuk ngadjalankeun kadjahatan deui babarengan
djeung Kang Karun?”

RANDU „Duka perkawis eta mah....”

JS „Ari tjeuk kuring mah....Kang Randu, taja pae-
dahna ngalakukeun pagawean kitu teh....ngarab naon
... moal aja djelema nu hirupna maslahat ku djalan
babadog rarampog, pikeun neangan pangupa djiwa teh
....teu kurang² djalan halal oge, lakar daek.. ”Djaka
Santang sateruena mapatahan, tapi ari nu dipapatahan-
nana mah kalah ka ngeluk teu nembalan saketjap,

JS „Djung we ari deuk balik mah... ngan kabajang kuring, mending ge eureunan kitu kalakuan teh, oge lamun djaga Kang Randu kapareng bisa papanggih deui djeung kuring, heg Kang Randu geus babalik pikir tada teuing hate kuring ngarasa bungahna....”

RANDU „Duka atuh Djang Santang, eu....wangsul bae Akang teh?”

JS „Enja....djung we kaditu.... tapi omat sabisa bisa eta kalakuan nu matak ngarogikeun ka sasama teh kudu djeureunan....”

- Geus dibentjigkeun mah teu keleked leos baé si Randu iadit ti bareupeun Djaga Santang, teu sirikna ngagedig lantaran bajang njusul si Karun, ongkoh ngarasa keueung deui ari lumaku sorangan mah, mangka² aja di tempat nu sakitu hara haraenana....

BANDA „Pantesna teh heg ngadjorag ka Samarang....”
Banda ngagerentes barang si Randu geus djauh.

JS „Ah piraku sugan, da teu aja arabeun....”

BANDA „Geurah kumaha upami manehna ngabararang....”

JS „Kapan aja Kang Djiran, piraku teu tiasa dian-
delkeun....”

BANDA „Muhun. saena we manehna teu tjios dibantunna, da eta melang paguron mung ukur ditungguan ku Karbol sareng ku Sarbon mah, nu demutkeun teh pangartosna tatjan sakumaha....”

JS „Eu....muga² we atuh Kang Karun teh ulah muring maring ka nu di Samarang, tapi....piraku sugan Pa Djenar teu geten ngalongokan....”

- Mugi² we atuh... "Banda bari djung nangtung, panna mantjo neuteup djadjalaneun nu katempona beuki harieum ku tatangkalan gede leutik, leuweung Karangtumaritis nu masih keneh geledegan, matak boream njo-rangna.

-Lantaran masih keneh djauh lalampahan, sanggeusna ngaso sakeudeung, bring sarerea nulujkeun lumakuna, sadjeroning laleumpang teh djempling taja nu njarita saremek geus puguh Djaka Santang mah lantaran hatena terus mantjo ka Lasmanah, Si Petjut oge nu biasana sok gagag gogog taja reureuhna, ajeuna mah djempling, tapi ari bangusna mah teu weléh ungas ingus bari tempo² ngagereng kawas nu manggih kasicun, ngan Si Rujuk nu tetep bangun suka gerah teh, manehna mah ngabelesag miheulaan, tempo² sorana kadenge ngagelik hawar² tandaning geus djauh ti nu keur lumakuna.....

ooOoo

B A G I A N K A — 44.

-BEAK daerah leuweung Karangtumaritis, andjog ka djalan koral, djalan kontrak nu ngabulung ka kontrak Sumadra, kentja katuhueun djalan teh majakpak kebon enteh anjar naker dipangkas nu matak pantes di tengahan teh teu katempo aja djelema saurang urang atjan.

-Sabot keur tingarungkug, gelik teh kadenge sora Si Rujuk nu harita kakara tjle eunteup dina dahan tangkal

djengdjén, pikeun nu sedjén mah teu matak ngadatangkeun sak wasangka naon², tapi pikeun Djaka Santang nu memang geus katjida apalna kana isarah Si Rujuk, ngagentak manehna ngagedig bari ngadjakan ka nu tiluan supaja leumpangna digantjangan, beh di hareup djalan teh nikung, ari leok mengkol, sarerea ngadadak ngarandeg lantaran mireungeuh aja nu keur galungan, bidji djalma diburup ku tiluan,

J^s „Kadieu Dik, eu — — Mang Medi mah sareng Banda arantosan we didieu, oge Si Petjut ulah sina milu — — — —” Djaka Santang bari ngenjang ka Sidik, djorelat manehna luntjat ka kentjaeun djalan a s u p ka kebon enteh.

Sidik „Tjitjing sia Petjut. — — montong milu” Sidik njarita ka andjingna bari djorelat manehna nuturkeun Djaka Santang, saterusna duanana kukurusukan bari dongko njumputkeun djirim, kebon enteh teh ka beh dituna nandjak, sedengkeun nu keur galungan teh di djalan koral, lebakeun kebon enteh nu aja di kentjaeun djalan, atuh Djaka Santang djeung Sidik samemena pisan njeurangeun ka handap bari ngadarepong dina sisi gawir.

J^s „Hemb. — — hebat oge nu dihurup teh. . . . , tjatjakan ku tiluan mah masih keneh tagen — — — —” Djaka Santang ngaharewos bari panon teu leupas mantjo ka handap.

Sidik „Enja — — — —, tapi lila² mah — — — — kawasna bae moal tahan, eu — — — — naha deuk diantep bae ieu teh?” Sidik nembalanana ku harewos deui.

25 „Ke lanan... — — —, tjan bisa dikanjahokeun saha sahana, saha nu njaho — — — ieu nu keur galungan teh pihakna Pa Nata djeung pihakna Mandor Kadri — — nu dimaksud teh — — bisi salah ngabantuan — —”

● — Memang teu salah sangkaanana Djaka Santang teh, nu harita keur dihurup teh Mandor Suma, pihakna Mandor Besar Nata, sedeng nu ngahurupna anak buahna Pa Urto nu ngaran Pa Djumron, sedengkeun nu duaan deui mah anak buahna Pa Wahidi nu ngaranna Si Komeng djeung Si Tundun.

— Nu pikeun Mandor Suma mah memang ngarasa kaget bae nu aja manehna djol² dikerepuk teh, lantaran saeutik oge teu pisan njangka jen ieu nu tiluan teh njatana mah pihakna Mandor Kadri, sanadjan bener manehna geus njaho antarana Mandor Besar Nata djeung Mandor Kadri teh teu pati hade, tapi tatjan ari nepi kana mumusuhan mah, ku kitu tea mah boh manehna boh Mandor Besar Nata, tatjan njarahoeun jen Mandor Kadri teh ngadatangkeun bala bantuan ka Sumadra, kapan datangna Pa Djaja katut Pa Wahidi oge sasatna dirusiabkeun.

Pajuh „Hahahah.....hajoh kadinja tarok babatokna.. — Komeng, tuman!?” Pa Djumron marentah bari bedog manehanana oge terus ngolebat deuk njabet kana beuheung lawan.

„Heh... — — — teu gampang deuleu.. — mikahajang njawana Si Suma mah! Komo deui ieu — — asana teh teu pupuguh deuleu djol² ngerepuk ka aing teh — — hab? Naha naon

dosa aing teh?' Mandor Suma hari ngadjorelat ka tempat nu lowong, bedogna disabetkeun kana pigeulangna Pa Djumron, sedengkeun teunggeulan leungeun kentjana dipake ngababuk pigeulangna Si Komeng nu keur nje-
kel bedog.

Payu „Setan siah!' Pa Djumron bari bari rikat narik bedogna pikeun njalameukeun pigeulangna tina sabetan bedogna Mandor Kadri. „Hajoh gebot ka dinjah... Tundun!' saterusna Pa Djumron marentah ka Si Tundun nu harita njeureudeug ti beulah katuhueunana Mandor Suma.

Tundun „Heheheh... gelentjengkeun bae Pa... babatokna?"

Si Tundun ngageheh bari njabetkeun bedogna ngadjodjo beuheung, tapi Mandor Suma ngagentak luntjat ka tukang lantaran ti beulah kentjaeunana kabireungeuh kolibatna bedog Si Komeng, sedengkeun Pa Djumron ngadjorelat ka katuhueun Si Komeng, ku kituna Mandor Suma rikat luntjat ka kentjaeun Si Tundun nu memang gerakan bedogna harita kapaksa ngeplos, hiuk peureup kentja Mandor Suma diheumatkeun, „Djrot!" teu salah deui keuna kana tjareham, „Aduh!" Si Tundun ngagero bari ngagentak m a l i k njanghareup ka Mandor Suma djadi posisi manehanana teh nonggongan Si Komeng ka tut Pa Djumron, hiuk... bedog Si Tundun disabetkeun sarta maksudna keukeuh hajang laksana ngagelentjengkeun sirah lawan, Mandor Suma ngagentak ngalelepkeun badanna sedengkeun bedogna diheatkeun ka l u h u r, „Trang!" ngababuk bedog Si Tundun, djorelat... „Duk!" peureup kentja Mandor Suma nundjel kana hulu

170
angen. „Uuuuh...!!” Si Tundun ngagerung bari badanna ngageblag ka tukang, meh bac ngarumpak badan Si Komeng lamun seug Si Komeng t e u ngedjat ka beulah kentja, sedengkeun Pa Djumron ngadjorelat ka beulah katuhu bari langsung njamberkeun bedogna, atuh tumerapna ka Mandor Suma rikat ngagilek ka beulah kentja ngabarengan gerakan bedogna dipake mapag pangadekna Pa Djumron, „Trang!” gerakan b e d o g Pa Djumron digagalkeun, bareng djeung eta bedog Si Komeng diheumatkeun ngabarengan badanna njampeuk ka katuhueun Mandor Suma, tapi samemehna b e d o g Si Komeng njerepet ka handap, nu dimaksud teh masih keueh ngangkang di luhur, dampal suku katuhu Mandor Suma geus ngadjekuk manten njajang kana beuteungna Si Komeng, „Eueueu...!!” Si Komeng djadi saperti nu teurab bari badanna ngadjeregdjeg ka tukang nu ahirna manehna ngagebut ragragna diuk.

Paji „Montong loba pamolah sia... Suma! Ajeuna ge sia bakal kodjor djadi parab bedog aing!” Pa Djumron njorowok bari ngahiukeun bedogna, hatena katjida gemesna lantaran wewesenna Mandor Suma teh mana hese teuing diperuhkeunana, sakitu diburup ku tiluan masih keneh aja hodjahna, malah mamalana teu kurang², Si Tundun katut Si Komeng kalah ka tinggalebru.

SUMA „E...eh! Sangeuk deuleu... ari deuk dipodaran teu pupuguh mah! Naha sia teh... ngawasa nja kana njawa aing?” Mandor Suma nambalang dari ngagentak

ngalegot ka beulah kentja sedengkeun bedogna diro-
djokeun deuk nobros iga burung, orokaja wewesenna
Pa Djumron tetela lain handap², goreng² oge manehna
teh lantjeuk sapaguruanana Pa Djaja katut Pa Wahidi,
ku kituna kalawan sakilat naker manehna ngulawitkeun
bedogna ka handap ngabarengan gerak badanna nu nga-
gilek malik ka beulah katuhu, sedengkeun peureup ken-
tjana ngadius dina katjepetan nu lain takis takiseun,
„Trang!” bedog Mandor Suma beunang dihantja ti
luhur, bareng djeung eta — „Djrot!” peureup kentja
Pa Djumron ngahantja palipisanana Mandor Suma,
„Uuuuuuh —!” Mandor Suma ngagerung bari
badanna ngadengklang ka tukang lantaran kuda kudana
masih keneh pageuh, sedeng bedogna satekah polah
disabetkeun ka luhur lantaran bedogna Pa Djumron geus
ngahiuk nu maksudna deuk meulahkeun sirah, „Trang”
gerakan bedog Pa Djumron teu bisa kebat kabendung
ku bedogna Pa Suma, tapi badanna Mandor Suma geus
teu bisa ditahan deui djadi ngarempejek, katambah deui
bari djeung didjedjek hulu angenna, atuh bari ngage-
rung deui teh blak bae Mandor Suma nangkarak lanta-
ran tadi ge manehna geus teu bisa ngukuhan deui kuda
kudana.

Paju „Heh — bongan sia gawe ngan ngaletakan
budjurna Si Mandor Besar Nata, ajeuna deuleu
tarima wawalesna!” Pa Djumron nJOROWOK bari nga-
heumbatkeun bedogna, bener² sirahna Mandor Suma
deuk dibeulahkeun.

J^s „Tjukup.....Diki' Djaka Santang bari ngagentak ngabelesat ka handap sedengkeun kudjangna sakilat di-tjabut tina tjangkengna. „Trangi” bedog Pa Djumron nu keur diheumbatkeun teh disabet ku kudjang rompang da puguh sasatna dibongohan, keleweng bae bedogna Pa Djumron teh metjleng djauh naker, nu ngandung harti Mandor Suma djadi sala net sirahna teu tulus dihakan ku bedogna Pa Djumron.

P^{aj} „Aeh.....saha silaing teh.....hab? Humajua ngadon ilubiung kana urusan batur?” Pa Djumron ngadadak ngariuk kaget barang breh manehna mireungeuh Djaka Santang, sanggeusna metjlengkeun bedog Pa Djumron teh Djaka Santang terus ngadjega pinuh ku kawaspadaan, bari hatena mah geus teg bae jen ieu djalma teh ti pihakna Mandor Kadri, saluju djeung ka-teranganana Si Randu.

J^s „Kumaha Ki Silah? Heh.....njarita teh sangeunahna.....geuning? Memang ieu teh urusan kaulakeneh, ngarti?” Djaka Santang bari malangkeun kudjangna hareupeun dada, nu pikeun Pa Djumron mah rada kaget oge, kakara nempo pakarang nu model kitu, pondok betekok.

P^{aj} „Aeh.....naonana Si Suma silaing teh?” Pa Djumron bari rutret ka Djaka Santang djeung ka Sidik nu nangtung gigireunana, tapi ari panonna mah awas naker ngagiler ka lebah Si Tundun djeung Si Komeng. pokona mah bisi ngabongohan, lantaran harita teh maranehanana geus tingkuning harudang.

js „Kaula mitrana....” Djaka Santang bari ngagiler ka Mandor Suma nu harita kakara hudang, mentjrong ka Djaka Santang bari pinuh ku rasa kaget.

pa „Naonana Mandor Besar Nata?” Pa Djumron nanja deui.

js „Kaula muridna....” Djaka Santang ngadjawabna teu euleum².

pa „Setan sia! ana kitu mah sia o g e musuh aing!” Pa Djumron djol² pudigdig bae napsuna tikel sapuluh, ngan tjan gana² wani naradjarang lantaran ngarasa paur ku pakarangna.

js „Nja kitu pisan... Ki Silah, musuh Pa Nata nja tangtu musuh kaula...” Djaka Santang bari ngabebes-keun deui kudjangna. „Ngadeg Pa Suma... —, mangga urang pajunan sasarengan... —” saterusna Djaka Santang njarita ka Mandor Suma.

pa „Setan sia! Dihakan sia ku aing!” Pa Djumron barang mireungeuh Djaka Santang geus lemor, teu antaparah deui djol sebiut bae ngadiuskeun peureupna.

js „Heheheh... sугan andika mah... buta, Ki Silah?” Djaka Santang bari ngagentak ngagunakeun gerakan tapak djalak, „Des!” panimpug Pa Djumron dikelid ku leungeun kentja, hiuk... — „Duk? peureup katuhu Djaka Santang ngageduk kana hulu angen, „Uuuuh... —” Pa Djumron bari ngadjeregdjeg ka tukang, beungeutna murings naban kanjeri.

js „Heheheh... tatjan naon² sakitu mah... — baraja” Djaka Santang ngabeheh.

pa „Alaaah... montong sombong sia... —babi, tjadu tudjub paturunan deuleu... — Si Djumron mah kudu mundur ku pantar sia” Pa Djumron bari ngadiuskeun deui peureupna.

js „Hemh...tetela lalaki andika teh.....Djumron!
Ngan handjakal we resep maen korojokan!” Djaka Santang ngagentak djingkrak, tapi Pa Djumron kawasna bae geus bisa neguh ti samemehna. manehna rikat ngagilek malik bari njamberkeun dampal suku kenj na deuk ngadjedjek beuteung.

js „I....ih!” Djaka Santang ngagero lirih bari ngagen- tak ngagunakeun gerakan malang putung nu diwangun ku leungeun katuhu, „Duk!” teu salah deui ngahantja mumuntjangan, „Aduh!” Pa Djumron ngagero bari ngedjetkeun sukuna sarta paparahna mah deuk ngedjat ka tukang, orokaja Djaka Santang sakilat ngagunakeun gerakan so'endang majang ngabarengan ngangsrudna suku katuhuna ka gigir, „Duk!” ngahantja dada. gilek..... Djaka Santang malik opat puluh lima daradjat ka katuhu ngabarengan ngangsrudna suku kentja ngagunakeun djalan djero, bareng djeung eta peureup kentjana ngadius bangbaran, „Hakan kedel!” gorowokna, „Duk!” ngahantja palipisan, Tobaaaaat...!!” Pa Djumron ngotjeak bari kontan badanna ngageblag ka tukang.

js „Tatjan naon² kakara sakitu mah... — Djumron! Hebeheh....” Djaka Santang ngahheh njeungseurikeun bari merong ka nu keur ngabebengkang.

Prjs „Andjing Siah! Ngahina sia teh hah... ka aing?’ Pa Djumron bari ngagentak ngagurindjal hudang,

sebrut deui naradjang kentja katuhu butbet tingbelesur matak paur, tapi sahidji oge taja nu keuna plus plos ka tempat kosong lantaran Djaka Santang rikat ngagunakeun gerakan djukut riut, sigana badanna teh ngan ukur pupurungkutan bari robah kuda² gasar geser di dinja keneh, tapi kanjataanana peureup²na Pa Djumron teh ngan ukur plus plos ka tempat kosong. ukur nobrosan angin.

J's „Heheheh...hajoh ketrukeun wewesen teh.... Djumron!” Djaka Santang nJOROWOK bari tetep ngagunakeun gerakan djukut riut.

Paj „Montong kalah ka niatjapek sia.....setan!” Pa Djumron bari terus but bet ngumbar peureup, tapi kanjataanana kalahka matak tjape teu puguh. kesang badag kesang lemlut geus mimiti ngagaradjag maseuhan papakeanana, sedeng ari Djaka Santang mah djigana tatjan nanaon, bosen ngagunakeun gerakan djukut riut terus diganti ku gerakan engkang², sigana sosolontodan bangun nu deuk labuh, tapi ari ditaradjang satalen tilu baru, peureup²na Pa Djumron sahidji ge taja nu asup.

- Dipihak seljenna nja eta Mandor Suma nu aieuna patutunggalan djeung Si Komeng, puguh we ari idjen mah bangun hampangeun naker, lantaran gawena Si Komeng teh ngan undur²ran teu beda ti nu deuk lumpat, da eta bari djeung tjungas tjingeus sagala kawas² keur neangan pidjalaneun mabur, atuh bedogna ajeuna mah ngan ukur huak hiuk dipake nakisan, sedengkeun

panaradjanana Mandor Suma mani kawas nu kokomnaog
belogna terus kokolebatan ngahantja ka ditu ka dieu,
sarta paparahna mah Si Komeng teh deuk dibeulahkeun
huluna, bongan keur waktu tadi mani ngoa naker, pok-
na oge t'jenah ngagelentjengkeun sirah.

- Ajuh Si Tundun nja kitu keneh, bedogna taja pisan
gawena, sakitu Sidik mah teu ngagunakeun siku²na,
tapi tumerapna ka Si Tundun geus matak lelenjapan
ongkoh deui geus aja sababaraha kalina tarangna djadi
bulan bulanan siku², meus² belentrang dangsa dina
tarang, t'jatjakan lamun teu ras ka Pa Djumron, tadi
keneh oge manehna geus tangtu ngabetjir ninggalkeun
pakalangan.

- Waktu manehna njabetkeun bedogna, maksud mah
hajang ngahantja beuheung, Sidik ngalegot ka gigir
katuhueun lawan bari ngababukeun siku²na, „Trang!”
dibantja satakerna nepi ka Si Tundun badanna ngabang
kieung ka beulah kentja, geus kitu gilek Sidik njerong
ngentja, belentrang....siku²na ngahantja sirah „Duk!”
pundukna diketig ku leungeun kentja, „Aduh!” Si Tun-
dun ngagero tapi ari gerakanana mah teu kandeg,
bedogna terus njerepet ka beulah kentja sarta tudjuanana
tetep kana beuheung, ku kituna lep Sidik ngagunakeun
gerakan oraj kobra, djorelat.....ramo² kentjana dina
gerakan tjaladi noktrök, „Djres....!” ngahantja beu-
heung teu marak ngabahajakeun kana njawana da puguh

make kira⁹, tapi tjukup tumerapna ka Si Tundun matak ngagoak bari badanna ngad'ongkeng ka rukang sarta gebut bae manehna nangkarak bengakang bari panonna tiburial buntjelik.

-Nasibna Si Komeng oge teu beda, harita bedogna geus metjleng lesot tina panjekelna, alusna Mandor Suma oge nu keur waktu tadi mah napsuna ngagugudug hajang megatkeun beuheungna, ngarasa era lamun kudu tetep ngagunakeun pakarangna lantaran lawanna geus lemor, bes atuh bedogna diasupkeun kana sarangkana, sedengkeun Si Komeng mireungeuh Mandor Suma geus teu njekel be'log, sumange'na djadi nambahan, dius bae manehna njebrutkeun peureupna, tapi Mandor Suma saeutik oge teu ngedjat, manehna kalah ka madju ngagunakeun djalan djero, „Duk!” panimpug Si Komeng dikelid bari dibarengan ku njebrutna peureup katuhu, „Djrot!” ngahakan kana tjukung irung, „Gelo siah!” Si Komeng njarekan bari rikat manehna narik suku katuhu na ka tukang pikeun ngadjaga badanna supaja ulah ngagedebut, hiuk...peureup katuhu Mandor Suma deuk mindo, Si Komeng rikat njerong ngatuhu ngabarengan gerakna leungeun katuhu deuk dipake nungkup pigeulang, tapi gerakan Mandor Suma leuwih tjepet datangna ngadjedjek kekemplong Si Komeng nu beulah kentja, „Aduh! Djurig siabi” Si Komeng njarekan deui bari badanna n g a d j e n g d j e h e ka beulah katuhu sedeng leungeun duanana djadi ranggah ka luhur.

sabot kitu srog Mandor Suma ngasupkeun suku katuhuna ngagunakeun djalan djero ngabarengan njebrutna peureup katuhu. „Djrot!” ngahantja tulang pipi Si Komeng nu beulah kentja, „Duk!” deui disusul ku sodokan peureup kentja kana iga burung. habek ditimpah pundukna ku teunggeulan kepang leungeun katuhu, „Tobaaaat....!” ahirna Si Komeng ngotjeak bari gebut bae manehna nangkuban. biwir njuhid tarang djantowor djaba eusi kadut mah ngaburusut kaluar teu bisa ditahan taban.

- Sedengkeun Pa Djumron mireungeuh anak buahna ngadjarongkeng teh napsuna djadi tambah ngagugudug, kari hate mah lain deui ngarasa kagetna lantaran ieu budak ngora nu ngaku muridna Mandor Besar Nata teh, wewesenna estuning pilih tanding, ulah boro² bisa diragragkeun, tapi teu beunang diragap ragap atjan, ku bituna manehna djadi ngarasa panasaran oge hajang terus ngadadjal djadjatenna nepi ka mana.

- Atuh Djaka Santang ajeuna mah geus teu ngagunakeun deui gerakan engkang² lantaran hajang geura ngarengsekeun patelakna, nu pikeun Pa Djumron mah djadi aja kasempetan pikeun neruskeun panaradjangna, ku kituna sebrut manehna ngagunakeun gerakan tadji malela, badanna njuruntul teu beda ti begu nu keur njuluduk, nu tumerapna ka Djaka Santang geus teu ngarasa kaget deui, oge geus teg bae dina hatena jen lawanna teh pasti dulur

sapaguruanana Pa Wahidi, ku kituna ngagentak manehna njingtjet ka gigir. heat....gerakan tadji malela nu di wangun ku leungeun kentja ngabelesas deuk nobros i ga burung, tapi Djaka Santang rikat ngagilek ngentja bari ngaheumatkeun leungeun kentjana, „Des!” gerakan tadji malela digagalkeun, hiuk....leungeun katuhu Djaka Santang diheumatkeun, „Duk!” ngahantja punduk ngabarengan djorelatna dampal si ku katuhu dipake nedjeh kekemp'ongna Pa Djumron, „Uuuuh!” Pa Djumron ngagerung bari badanna ngagurimpal nangkarak, tapi tetela wewesenna Pa Djumron teh lain lalawora-keuneun, barita keneh oge ngagentak manehna ngoredjat deui hudang.

js „Heheheh....masih keneh sanggup....Djumron?”
Djaka Santang nanjakeun bari ngaheheh.

prju „Alah....tjeuk aing oge..tjadu make kudu mundur ku pantar sia!” Pa Djumron nambalang bari napasna mah renghap randjug.

js „Sor atuh ari panasaran keneh mah....ngan ulah madjar teungteuingeun....lamun andika kabuktian teu bisa balik ka imah!” utjap utjapan Djaka Santang estuning ngoa naker, nu dipalar sangkan lawanna beuki dikawasa ku amarabna nu antukna matak poho di temah wadi.

prju „Aduh....dibebekeun sia tjatjapekna!” Pa Djumron bari ngadiuskeun peureupna.

js „Baeu....Djumron!” Djaka Santang nJOROWOK bari ngagentak ngawangun pasangan tapak djalak, „Des!”

dihantja ku leungeun kenjta, tapi sakali ieu mah Pa Djumron rikat nilepkeun leungeunna bari dibarengan ku ngangsirodna suku katuhu hareup, mangka² tanagana Pa Djumron teh lain tahan tahaneun, eta we Djaka Santang nepi ka ngadengklang badanna ka tukang lantaran kasurungkeun djaba siku Pa Djumron djadi ngagetruk kana gado, bareng dieung eta leungeun kentja Pa Djumron sakilat njebrut sarta teu salah deui sasaranana kana hulu angen, „Duk!” neumbrag satakerna, „Uuuuh...!” Djaka Santang ajeuna mah nu ngagerung tapi ngagentak manehna narik suku katuhuna ka tukang, heat..... dampal leungeun katuhu Pa Djumron nu mentas njatok gado ajeuna deuk ngagampleng kana tiareham, tapi Djaka Santang ngagentak nakis ku leungeun kentja, sebrut peureup kentja Pa Djumron deuk mindo neumbrag hulu angen lol „Duki” peureup Pa Djumron digentus ku Djaka Santang „Gelo siah!” Pa Djumron ngagorowok bari rikat narik deui leungeunna, djorelat..djiig.. Pa Djumron luntjat pindah tempat bari leungeun kentjana kekerepeangan, orokaja Djaka Santang teu tjitjingeun manehna ngagentak malik hiuk tondjokan peureup katuhu Pa Djumron mani bangbaraan, Djaka Santang rikat ngalelepkeun badanna, bret - - - - gerakan tjakar heulang nu diwangun ku leungeun katuhu ngadjambret kulit beuteung, „Setaaan - - - !” Pa Djumron ngagoak bari ngagentak njerong ngentja sedengkeun leungeun kentjana diheumbatkeun deuk mepeg punduk, „Hakan kede!”

Djaka Santang ngagorowok bari njebrutkeun peureup kentjana sedengkeun leungeun katuhuna diheatkeun ka luhur dipake mapag timpugan Pa Djumron nu deuk mepeg punduk, „Duk!” beuteung nu tadi di djambret teh nu ajeuna dihantja ku gempuran peureup kentja.

Paj „Tobaaaat....!” Pa Djumron ngotjeak bari badanna ngagebut satakerna, ajeuna mah manehna terus ngaringkuk bari gegerungan, beuteung karasana asa tobros bari deudeuleuan ngadadak ruj raj karoneng. →

J „Tjeuk kaula oge....ulah madjar teungteuingeun.. lamun andika teu bisa balik ka imah.....Djumron!” Djaka Santang nJOROWOK bari ngadjega ngawaskeun nu keur gegerungan.

Paj „Huhuhuh....” Pa Djumron nembalanana ku humarung, tapi sakitu mah manehna kaitung kuat oge, djurungkunung maksakeun hudang igeug² manehna nangtung, sugan teh deuk aja ho!jahna deui, na atuh ari belenjeng teh manehna kalah ka ngabetjir teu sirikna notog notogkeun maneh.

—Si Tundug katut Si Komeng nu harita geus tjarindeluk bari ngararasakeun kanjerina, barang mireungeub saehuna mangpret teh sonder permisi heula, koredjat,belenjeng bae duanana lalumpatan nuturkeun Pa Djumron bari kenalpotna prat prt proet pangaruh budjur nu kokompodan sieun dibeledig ku nu djadi lawan.

PASUMA „Aduh... nuhun U. Ijang, eu... dupi salira teh saha tea? Mandor Suma ngagentak njampeurkeun ka Djaka Santang, ngaruhunkeun bari njolongkrong ngadjak sasalaman.

JS „Sawangsulna Pa... eu... uninga kitu Bapa ka Pa Mandor Besar Nata? Djaka Santang kalah malik nanja.

SUMA „Kantenan we Udjang, andjeunna teh dunungan Bapa... Mandor Suma bari terus njolongkrong ka Sidik, tadi mah teu kaburu lantaran i. u ieu oge saterus-na pada² anteng nitenan Djaka Santang nu masih keneh patelak djeung Pa Djumron.

JS „Kaleresan atuh... margi abdi teh bade ngabudjeng ka andjeunna...”

PASUMA „Dupi Udjang teh nu ti mana tea... kitu?”

JS „Ti Bandjarsari...”

SUMA „Euh... putrana Pa Djenar panginten atuh nja? Mandor Suma tembong paromanna giak, nu dimaksud teh muridna.

JS „Sumahun... eu... dupi eta Pa Djumron... saha tea Pa? Djaka Santang ngalegot nanjakeun urut lawanna.

Paji „Njeta Bapa oge poekeun, namung... tiasa jadi manehna teh baturna Mandor Kadri... eu... sawios per kawis eta mah panginten engke bakal mendak katerangan nu langkung paos ti Pa Nata, mangga we ajeuna mah urang ngabudjeng ka bumina...”

JS „Mangga Pa... ke antos bade ngawartosan rerentjangan nu saesna...” Djaka Santang bari ngareret ka lebah tikungan, kabeneran Medi djeung Banda geus

-tingtoro lol njampeurkeun bari dituturkeun ku Si Patjut,
sarta sanggeus pada² sung song sasalaman djeung Man-
dor Suma, bring sarerea arindit ti dinja sedengkeun Si
Rujuk terus ngalajang di luhur bari teu repeh ngagelik
teu beda ti nu keur nangtang hudjan.....

oooOooo

BAGIAN KA - 45.

-BEDENG Pa Mandor Besar Nata teh rada anggang
pernahna ti bedeng² pagawe, oge bangunanana sarta po-
tonganana leuwih alus mun dibandingkeun djeungbedeng²
nu biasa nu disadiakeun pikeun Mandor² atawa pikeun
kuli² metik, dalah nu dijitjingan ku Djurutulis oge kap-
rah we sapotongan teu beda.

-Harita teh di bedeng Pa Nata keur ngariung di em-
per tukang bari njanghareupan opieun, keur nanggap
semah² nu anjar datang, malah Mandor Suma oge milu
ngadjedjeran bari sakalian ngadongengkeun naon nu tadi
kungsi karandapan di tengahan.

FRASA „Memang Bapa djeung Mandor Kadri teh teu pati hade, manehna teh siga nu hajang ngarebut ngadudukan tapi henteu ari terus mumusuhan mah, kitu soteh rasa Bapa, teuing ari manehanana mah, ngan nu tetela... Bapa djeung manehanana teh teu pati dalit upama seug dibandingkeun hubungan Bapa djeung Mandor² metik nu sedjenna...” Pa Nata nerangkeun kaajaan dirina nu aja patula patalina djeung Mandor Kadri,

SUMA „Namung... Pa, upami nitenan pokpokanana Pa Djumron tadi. tos djelas manehanana teh... ngandung hate awon ka salira Bapa...” Mandor Suma mere katerangan oge njebutna ka Pa Nata teh henteu Djuragan saperti umumna ka Mandor Besar. lantaran Pa Nata mah teu daekeun, leuwih genah disebut Bapa tjenah.

PANA „Djadi maksud Mandor Suma teh... jen Pa Djumron sakurang kurangnya baturna Mandor Kadri... kitu?” Pa Nata nanjakeun.

SUPA „Teu lepat Pa, kitu pisan....”

PANA „Bisa oge ditarima eta pamanggih teh...., lantaran geus aja bedjana ka kuring jen ka bedengna Mandor Kadri teh sok loba nu larsup djalma² ti paluaran... oge gerentesna Mandor Kadri, tjenah manehna teh hajang djadi Mandor Besar....”

JS „Eu... dupi nu djadi kawitna kumaha... Pa, nu mawi Mandor Kadri mitjeutjeub ka Bapa teh?” Djaka Santang nembrong, bakuna mah panasaran hajang njaho sabab musababna.

Pa Nata „Eu... ari asalna mah... eta manehna teh nga-
dergekeun tempat ngadu di djero kontrak, ku Bapa
dihulag lantaran teu saetik matak nimbulkeun kari.
weuhan kuli² kontrak ari mentas nampa bajaran teh lain
dipake barang beuli, tapi kalah ka de^g dipake ngadu,
kitu tah mimitina mah... „Eu ari eta Si Udjang pang
pangna njungsi ka dieu, naha geus aja kapastian kitu
jen udaganana teh lalumpatanana ka daerah ieu?“ saterus-
na Pa Nata panjakeun.

JSC „Tadina mah mung ku kinten² margi di dieu aja raina
Bi Mursiah nja eta Pa Mandor Kadri, kitu saurna Pa
Djenar ka abdi bari sakantenan nepangan Bapa di dieu
mung tadi waktos di djalan abdi teh mendak katerangan
anu pasti jen Pa Djaja teh lalumpatanana leres ka dieu,
mung tempatna disingkurkeun... --“

Pa Nata „Hemh... bisa djadi atuh ari kitu mah, nja seug
urang paluruh we babarengan lantaran Bapa oge perlu
hajang njaho kumaha maksudna Mandor Kadri nu sabo-
nerna atuh sadjabana ti kitu, sawadajibna Bapa teh nga-
bantuan ka hidep, putra Kang Djenar nja sarua keneh
djeung anak Bapa, eu... bedjaan we ku Mandor Suma
babaturan nu sedjenna sarta sa bisa² kudu hasil mang-
gihan dimana tempatna buronan...“ Pa Nata bari
ngareret ka Mandor Suma

Suma „Sumuhun, mangga Pa... permios atuh bade ajeuna
we...“ Mandor Suma saterusna pamitan.

PATA ..Ke lanan, eu...ieu pikeun pitempateun barudak, supaja rineh sarta samemena ari misah mah, lain aja bedeng kosong?"

JS ..Aja Pa, kaleresan di nu rada djolok, tjaket kudang suluh, mung nja eta rupina moal betaheun margi pangna teu aja nu kersaeun njitjingan oge eta ku barieum naker palih dinja teh...."

PATA ..In puguh alus pikeun njumpot mah supaja ulah kanjahoan teuing ku nu sedjen...."

JS ..Eu....asal ulah tjaket teuing ka bumina Mandor Kadri we Pa, margi bilih gamah ka andjeunna...."
Djaka Santang nembrog.

PATA ..In moal, ongekoh rada djauh tempatna Mandor Kadri mah lain di gumplukan beulah dieu....tah kitu we ...Mandor Suma, djung a t u h beresan heula we bedeng kosong teh, atuh bisi deuk ngagoler heula da meureun tjape, tah....aja pangkeng, eu....perkara andjing mah hade tjangtiang heula lantaran di dieu loba baturna bisi ngilu ngaprak ka nu djauh, keun bae heulang mah sioa tjinoton dina tangkal djengdjeng, ngan moal barak ka hajam meureun nja....da geus itjeus?"
Pa, Nata bari ngareret ka Djaka Santang.

JS ..Moal Pa, tara daekeun paling² upama kapaksa sok ngadon ka tempat nu tebih...."

PATA ..Eaja....pek atuh bisi deuk reureuh heula mah, eu....Mandor Suma djung atuh meungpeung salse. oge kuring deuk ka pabrik heula...." Pa Nata bari djung nangtung heg babatek heula ngaleungitkeun katjangkeul urut diuk sila salila lila.

- Geus kita mah leos Mandor Suma indit, atuh Pa Nata oge dirut deui turun bari diiteuk howe sarta didudukuj boni beureum, ka handapna bolongor teu make alas suku, terus ngagedig mapaj² djalan satapak nu kentja katuhueunana kebon euteh mani makplak, atuh Djaka Santang sabaturna terus bac arasup ka pangkeng panujuhan Pa Nata, ngagaroledag sarta teu lila reup bae pareureum bangun ngeunahen naker puguh mentas tumaku sakitu djauhna, turug² sadieroning di perdjalanan teh make ngalakon padungdung dua kali pisan, sedengkeun di dapur bodjona Pa Nata djongdjon keur kaprak keprek dibantuan ku landjangna...

- Isukna Djaka Santang sabatur batur geus parindah ka bedeng podjok nenggang ti sasama, teu nanaon malah jéuwih samemena djauh ti nu bakal ngagigimbreung, sarta nepi ka poe eta mah tatjan aja kabedjakeun naon², kungsi kadatangan ku Mandor Suma, ngahadja mere laporan jen tempatna Pa Djaja teh tatjan kapanggih, ari deuk dipaluruh ka tempat pamaenan, paur papanggih djeung Pa Djumron atawa djeung Si Komeng katut Si Tundun, nu di djaga teh bisi matak ngandung katjuri-gaan nu ahirna bakal njulitkeun kana pamaksudanana Djaka Santang.

Barang reup peuting, Mandor Suma geus ngurunjung deui djeung baturna saurang, Ki Djahri, tukang metik bawahanana, ngabadja ngabedjaan jen ditempat

pamaenan loba djalma anjar, bisi tiantara aja nu keur dipaluruh ku Djaka Santang, lamun perlu deuk didatangan ajeuna deuk dianteur, ari tempat pamaenan teadiananana di bedengna Artasik, salah saurang bawa-

J^s „Kantenan we perjogi mah....Pa, mangga urang paluruh, tebih kinten²na ti dieu?’ Djaka Santang djol² baripeut dibedjaan teh.

SUPA „Nja tjekap we Djang Santang, mung djalanna tarahal margi kedah norofos ka kebon enteh.....”

J^s „Sawios Pa. eu.....Mang Medi mah sareng Kang Banda teu kedah ngiring, antosan we di dieu.....’Djaka Santang bari ngareret ka nu duaan.

SUPA „Ih teu umum Djang Santang, bisi aja naon² ke.....”
Medi hajangeun milu.

„Ah....da ieu mah mung baje ngintip wungkul...
....Mang?”

SUPA „Geuraheun....ari ka pendak mah nja piraku bade diantep? Ngiring ah Akang....” Banda oge njelengkeung embungeun ditinggalkeun.

SUPA „Eu.....ari saena mah teu kedah seueur², margi bilih gamah, opatan ge tjekap, Bapa Ki Djahri Djang Santang sareng Djang Sidik, gampil upami perjogi mah tangtos kadieu disusulan ku Ki Djahri.” Mandor Suma ngasonkeun alesan.

J^s „Tah kitu geuning....Mang Medi? Wajahna we nja...Kang Banda?’ Djaka Santang bari rutret ka duanana.

MEER „Nja ari kitu mah teu nanaon atuh...” ahirna
Medi ngelehan maneh, nja kitu deui Banda, teu
nanaon teu dibawa oge, lantaran enja loba² teuing
mah matak gamah.

SUMA „Mangga atuh Djang Santang bilih kabudjeng
wengi teuing...” Mandor Suma ngadjakan indit.

J.S. „Moal wawartos heula ka Pa Nata?”

SUMA „Atos bieu ka Bapa, mangga bae saurna, mung
kedah tjaringjing ati²...”

J.S. „Mangga atuh..., wajahna we nja Mang Me.
di? Kang Banda? Haju atuh Dik...” Djaka Santang
saterusna ngahajukeun ka Sidik, geus kitu djrat
djrut tarurun, datang ka luar kuliwed ka tukangeun
bedeng, terus mapaj² kanalir saat nu brasna ka
kebon enteh, ti dinja kakara norobos mapaj djalan
satapak, taneuh nu di tintjak teh karasa beueus
malah semu² leueur, tapi teuas bubuhan katintjakan
sapopoena.

✱ Geus meunang sababaraha patok kebon enteh
nu kaliwatan, kakara tintjakeun teh nurugtug, deu-
deuleuan teu matak nolog teuing lantaran alusna teh
ditjaangan ku bulan sapasi, lamun iseug direret ka
luhur, bulan teh siga nu nuturkeun.

Beak tungtung kebon, djlig nintjak djalan koral
maksud mah deuk terus meuntas pikeun norobos
deul ka kebon enteh nu aja dipeuntas ti ditu, ne-
tek ajeuna mah tintjakeun teh lantaran kabireungeuh²
na oge kebon enteh teh semu² nandjeur.

—Tapi kakara ge deuk meuntas, Mandor Suma nu panghareupna ngadadak ngarandeg mindur, atuh nu aja di satukangeunana oge djadi kabawa mundur. ngelok deui ka kebonenteh, malah Ki Djahri mah nu pangpandeurina, harita teh manehna mah tatjan nintjak djalan koral.

JS..Aja naon... Pa?" Djaka Santang nu aja di satukangeun Mandor Suma, nanjakeun ngaharewos.

SUMA..Aja nu laleumpang di beulah kentja, ke lanan bilih komplotna Mandor Kadri..." Mandor Suma ngadjawabna ku harewos deui.

SANTANG..Tjingan bisi enja, urang itjip³ ku kuring..." Sidik bari madju ka hareup, beg njela ka tukangeun Mandor Suma, djadi aja di hareupeun Djaka Santang.

JS ..Ih -- Sidik mah sok seselendep?" Djaka Santang bari narik taktak Sidik,

SIDIK..Bongan Santang mah sok hawek... --" Sidik bari malik ka tukang, njeuh manehna seuri.

JS ..Wajahna we... ari djadi adi ulah sok hajang neuraan ka nu djadi lantjeuk... heheheh... --" Djaka Santang bari ngahheh.

SANTANG..Ah... lantjeuk hawek mah keur naon..."

JS..E...eh... na embung kitu boga lantjeuk kuring?"

SANTANG..Ih... ari taeun teh, lain embung... ngan eta ulah sok hawek, agehan ari aja hantjengan teh. radjeun mere Santang mah nu kamerona heheheh... --" Sidik bari ngahheh ngalieuk ka tukang.

„Sasst — — Pa Djumron geuning — —”
„Sabaraha urang — — Pa?” Djaka Santang nanja-
keun, mani dibatek beuheung hajang bisa nempo,
tapi lapur lantaran kahalangan ku Sidik.

„Duaan, mung duka saha nu saurang deui
mah — —”

„Alah kabeneran, djeung Pa Wahidi geuning... —
keun Pa Djumron mah urang itjip² ku kuting — —”
Sidik giak naker.

„Tutup beungeut ku wawalun, supaja ulah
kanjahoan, keun Pa Wahidi mah urang gendjot ku
kuring... —” Djaka Santang bari ngusiwel ngaluarkeun
wawalunna, rap dipake nutup beungeutna, nja kitu
deui Sidik pada² njumputkeun beungeut.

„Tjalik² we Pa... —” Djaka Santang bari meredjel
ka gigir, sede gkeun Sidik geus ngarendeng
djeung Mandor Suma gigireun beulah katuhu.

—Memang teu salah nu keur laleumpang teh Pa
Wahidi djeung Pa Djumron, malah maksudna oge
memang deuk mengkol pisan ka djalan eta, lantaran
djalan torobosan teh heureut, Pa Djumron miheulaan
mengkol, puguh we ari lol — — ari djedak bae djol²
disampakeun peureup Mandor Suma.

„leueueung... — !!!” Pa Djumron kontan njeuleu-
weung, pangpangna mah tina ku ngarasa reuwas,
teu pupuguh djol² aja nu hajang kana tjukang
irung, blak manehna tidjengkang, ari Pa Wahidi lain

gantjang nande mlrengch dulur ngageblag bari
njeuleuweung teh ieu mah manehna dalah ka
ngedjat lantaran sarua pada² ngarasa reuwas, atuh
teu katulungna, bek bae Pa Djumron rangkarak beng-
kang lumajan sirahna ngabeletuk kana batu koral.
Sidik. Heheheh... montong reuwas² ... Djumron!"
Sidik ngahéh bari ngadjorelat luntjat ka djalan
koral tapi dampal suku kentjana asana teh karooan
naker, hajoh sirah Pa Djumron nu kakara tjengkal
teh ngadon didjedjek, atuh beletuk deui bae sirah
Pa Djumron kudu bantrok deui djeung batu² koral
nu memang balatak sarta sareukeut.

— 85 —

Wahidi ..Setan siah! Saha sia teh...-hah?" Pa Wahidi
rikat njeureudeug ka Sidik, orokaja Djaka Santang
sakilat ngabelesat ka hareup, djebrod peureupna
ngahantia tjarehan Pa Wahidi nu beulah katuhu,
djengkeng Pa Wahidi ngadjengkeng ka gigir, tatjan
ge manehna bisa naon². peureup kentja Djaka
Santang geus ngahantja deui, ari djedak ari gebut
bae Pa Wahidi nambru.

Paju Sabot kitu koredjat Pa Djumron hudang, ret ka
Sidik, djorelat manehna luntjat bari njamberkeun
peureupna, tapi Sidik rikat ngareudeuk dina gerakan
monjet ngemil² bret....tjeuli Pa Djumron didjam
bret ku gerakan monjet naruk bangga, Andjing
—.....!!!" Pa Djumron ngotjeak bari rikat

ngagilek njerong ngatuhu ngabarengan njebrutna peureup kentja semu njela bumi deuk ngadagor sirah Sidik nu posisina masih keneh ngareundeuk, orokaja Sidik ngagentak ngarempodkeun badanna ku djalan natik suku katuhuna ka tukang „Des” pigeulang Pa Djumron dihantja ku teunggeulan kedet „Djrot!” peureup kentja Sidik ngahantja palipisan Pa Djumron nu beulah kentja, „Aduuuuuh...!!! Pa Djumron ngerung bari badanna ngadjengkang ka tukang. hiuk -- tondjokan leungeun katuhu Sidik deuk njusul tepus tapi... ngadadak ti lebah kebon enteh peuntaseun djalan nja eta nu bakal dipake djadjalaneun ku Mandor Suma sabaturna. aja nu ngabelesat sarta langsung njampeuk ka paleban Sidik, djebrod... peureupna ngahantja sirah „Aduuuuuh!!!” Sidik ajeuna mah nu ngagerung sarta teu ngalobakeuu deui pamolah, gebu! bae manehna nambri.

„Podaran sakalian -- Djumron! Nu anjar datang teh marentah.

Pa Djumron sacutik oge teu mungpang, memang kahajangna oge nja kitu pisan, serepet bae manehna mesat bedogna, hiuk... diheumatkeun ka Sidik nu keur ngabebengkang... HANTJA -- -- --

—oOo—

1. Kumaha nasibna Sidik? Oge saha nu anjar datang teh?
2. Kumaha aja oge nu nulungan tina bahaya bedog? Saha nu nulunganana?

3. Tjenah Mandor Soma djeung Ki Djahri oge dia-
di milu padungdung saurang lawan saurang, sa-
ha lawan?na teh?
 4. Kumaha kapanggih tempatna Pa Djaja teh?
 5. Naon sababna nu matak Pa Wahidi djeung Pa
Djumron kapanggih di dinja, na deuk kamarana?
 6. Kumaha satuluju Djaka Santang sabaturna di
kontrak Sumadra?
- Antos terasna Djaka Santang djilid ka 16

Koropak:

NANY SETIAWATY SIDIK Djl. Kaum 24 Tarogong
GARUT.



Teu kinten nuhunna
kana tjarios² nu nja-
rioskeun kabokbrokan
mental para pamuda
pamudi djaman kiwari
dina buku² Tjipanon
Indung, Sumeren Ka-
na Papasten sareng Si-
ti Muljati, mugi² eta
tjarios teh djadi eun-
teung sareng njadar-
keun tina kakamalina-
anana. Oge teu kinten

katadjina ku serial Gumilar tug dugi ka Djaka San-
tang, komo ajeuna mah saporantosna makalangan
Sidik Permana, sanaos dugi ka subuh ge abdi mah

tara tunduh ku resep^{na}. Omat nja Pa Kandar, Kang Sidik teh ulah dikasasahakeun da namina mah tos sami ieu hi hi hi... Aeh upami Tjeu Sari tos kagungan putra beg istri namina Intan Permatasari ne. nehna di Intan² sareng sing djago^o teh gelutna. Salam ka sadaja warga koropak oge ka kulawargi S sak-gantung 29 utamina Kang Dedy salam kompak kituh (Maksud oge kitu malar djadi eunteung ka nu nudju kamalinaan, Aeh, kumaha Neng Nany upami urang gentes bae asal ku Sidik keneh, da tjeuah Kang Sidik Permana mah kagungan Tjeu Anis...hehehe...! Red)

MAMAT R, Gn Salen Djl. Bebedahan 31 TA.
SIKMALAJA.

Bade usul supados gambar djilid ulah disamikeun bae, maksud teh gentos², margi abdi sateuajanna maos lebetna sok ningalan heula gambarna, naha ngahadja kitu gambar teh sami kanggo tilu² djilid? Aeh -- salam ka Tjeu Tarsiah sareng Tjeu Euis, keun Tjeu Itar sina dagang salam sareng sereh heheheh...! (Patalj sareng sagala rupa pangaos bahan² teh ngararapung, gambar djilid kapaksa hidji gambar kanggo tilu² djilid ieu teh kapaksa sakali deui kapaksa... Salam sareng sereh tos katampi tjeuah! Red).

ACHMAD NURONI T, Bodjongsoang I/6 Bu.
ahbatu BANDUNG.

Ku ajana seratz ti paramaos dina koropak, sim kuring kalintang ngaraos reucusna, geuning seueur keneh nu

mikatjinta buku^a hasa Sunda teh, babakuna wedalan
Tjaringin, anu seueur pisan pulunganeunana dina soal
fatwa² kaagamaan sareng sadiabina. Pitjoneun urang
sadaja husus kanggo sim kuring kaum pemuda. Teu
sangka si Kapinis teh geuring Tjeu Amimah kaum
hawa. Aeh upami njepitan Babah Sang Kuj ...war-
tosan nja! Sareng eta deuih Mang Medi ulah sok
ruwal rawel heheheh... --! (Nuhun kaanggo mah pitu-
ah² teh, Insja Allah diwartosan sajakikeun we beasna
sanes tos panen di Bodjongscang teh? Red)

Taman Batjaan GITA Gg Sim Tjong 249/8A
BANDUNG.

Abdi salaku pemilik TB Gita ngahaturkeun nuhun
ku ajana koropak. aja kanggo ngedalkeun eusi hate,
Da eta kana terbitan Tjaringin karangan Pa Sukand-
dar para pembatja teh mani paboro boro sareng pa-
rebut, pada hajang tiheula, dugi mani sesah ngaturna
komo ka Si Buntung sareng Djaka Santang mah. Sim
kuring oge salah saurang anu resep ngagambar, kuma-
ha upami Si Buntung sareng Waliwis Bodas urang da-
mel komik Tjergam? Salam ka Pa Sukandar sareng
ka parawarga koropak oge para Taman² Batjaan sa-
Pasundan! (Maksud oge ku ajana koropak teh kitu,
patali sareng seueur serat tadina mah, nja batan nga-
waleran hidji² ku serat mending dikoropakeun. Per-
kawis si Buntung sareng Waliwis Bodas dijergamkeun
ajeuna teh tos aja nu majunan Red)

A. RAMLI Djl. Ampera 64 Gn. Lipung TASIK.
Ti kawit si Rujung Kawung, Si Buntung Djago Tutu.
gan ajeuna Djaka Santang sim kuring tara kalangkung
maos. Tumaroi naha leles Djaka Santang teh putrana
Nji Tarsiah atanapi sanes? Dupi Budiman terasna tina
Koswara teh iraha medalna sareng saha ari Si Wesi
Kuning teh? Nji Tarsiah enggal tikaheun ka Djang
Dana. Salam perkenalan ka warga koropak! (Perkawis
Djaka Santang budak pauimu tea, engke oge upami
tos dugi kana waktosna tangtos kauninga anak saha
manehna teh, Budiman n anawi kapajun tiasa d'garap
kan go njaosan para pamundut. Si Wesi Kuning mah
lami kench ka terbit. ke upami tos tamat Waliwis
Bodas manawi pareng teu aja halangan harungan. Red)

IDING RUSTANDI T. U. SMP SWADAYA

Djl Pagarsih 121E BANDUNG

Abdi teh kapungkur mah nganggo alamat ti Tjiamis
anu parantos dimuat dina koropak, dupi ajeuna nga.
lih ka Bandung Dina sasih April abdi kantos piknik
ka Situ Tjangkuang malihan ka Nusa sagala maksud
teh milari tilas indel ojna Si Buntung sareng Nji Tar.
siah ari heg tos raresik ajeuna mah boro bade nurutan
tadina mah hehehe... (Baheula naha di Nusa teh
tjaraneom teu sapertos ajeuna Nuhun parantos ngalih
mah Red)

Ngenalkeun:

T. B. „MAWAR”
Djl. Mawar 98/68 GARUT.

